

Hesperian (Esperyan) gen tan pibliye de lòt liv nan lang kreyòl la

KOTE KI PA GEN DOKTÈ

Nan lemond antye, ajan sante yo, moun ki travay nan edikasyon, ak lòt moun yo sèvi pi plis ak liv sa a pou yo aprann kouman pou okipe moun malad, epi ede nan fè pwogram sante pou pèp la vanse. Edisyon sa a mete enfòmasyon sou malarya, VIH, ak lòt maladi yo a jou.



KOTE FANM PA JWENN DOKTÈ

Liv sa a bay nou enfòmasyon ki enpòtan anpil pou kominote a ak ajan sante yo ki vle ede fanm yo jwenn pi bon sante, pou trete ak pou evite maladi. Liv la pale sou koze fè pitit, sou vyolans fanm ka soufri nan men lòt moun, sou sante mantal, VIH/SIDA, ak lòt pwoblèm toujou.



DLO AK PWÒPTE: PI PLIS PASE TOUT SA NOU KA PANSE

Liv sa a fè nou konnen ki jan nou ka fè katye nou, kay nou, dlo ak manje nou pi pwòp, menm si nou pa gen anpil lajan; konsa nou ka evite anpil maladi vin sou nou.



CHAPIT PRELIMINÈ NAN NOUVO KOTE KI PA GEN DOKTÈ

Men kèk chapit preliminè ki soti nan nouvo edisyon liv pa nou an ki pi enpòtan. N ap refè liv la nèt ale. Kèk koze nou jwenn nan liv la: byen manje, vant fè mal ak dyare, dlo ak pwòpte, epi ki jan pou nou okipe fanm ki gwo vant, tibebe ki fèk fèt, ak timoun.